# INGLIS HÁM QARQALPAQ TILLERINDEGI ELIKLEWISHLERDIŃ SESLIK QURILISN ÚYRENIW

**Bayımbetova Mexriban Berdibaevna,**
*Ajiniyaz atındağı NMPI, inglis tili hám ádebiyatı kafedrası assistent oqıtıwshısı*
*bayimbetovam@mail.ru*

**Mambetniyazova Hurliman Maratovna**
*Berdaq atındağı QMU, Inglis tili hám ádebiyatı bağdarı 1-kurs studenti*

**DOI:**
**https://doi.org/10.5281/zenodo.14270798**

Eliklewishler - mánis hám forma tárepinenen óz aldina topar quraytuğın, adam, haywanatlar hám basqa janlı hám jansız zatlardıń seslerine, háreket usıllarına eliklew etiwshi sózler bolıp tabıladı. Eliklewish sózler bir neshe seslerdiń belgili tártipte dizbeklesip keliwinen quraladı. Eliklewish sózlerdiń quramındağı sesler hár túrli mánilerdi, ses yamasa kórinisti túrlishe ańlatıwına qaray hár túrli formada qollanıladı.

Eliklewish sózlerdegi sesler belgili nızamlıqqa bağınadı, yağnıy bul sesler pıtıranqı bolmastan jıynaqlı bolıp keledi. Eliklewish sózlerdiń quramındağı qaysı ses bolsa da (meyli dawıslı ses, meyli dawıssız ses) óz ornı menen qollanıladı. Bul sózlerdiń quramındağı seslerdiń ornın bir-biri menen almastırıp qoyıwğa da bolmaydı.

S.V.Voronin inglis tilindegi eliklewishlerdi fonetikalıq qásiyetlerine qaray klassifikaciyalap shığadı. Onıń pikirine qarağanda, inglis tilinde eliklewishler 5 klasqa bólingen (Voronin S.: 46):

**I. Instantlar** – jıldam hám soqqığa ushıraytuğın seslerdi bildiriwshi eliklewish sózlerdiń giperklassi, yağnıy adam tárepinen akustikalıq soqqi retinde qabıl etiletuğın "ultra qısqa", "jıldamli" shawqım. Olar taqıldatıw, ğıshırlatıw hám tağı basqa tábiyiy seslerdi ańlatadı. Inglis tilindegi fonemalarda bul seslerge uqsas akustikalıq ayrıqshalıqlarğa iye jabıq sesler /p/, /b/, /t/, /d/, /k/, /g/ esaplanadı. Mısalı, instant /tæp/, /pɔp/ "urıw, qağıw" - bul bir zat urılğanda esitiletuğın keskin sestiń akustikalıq nusqası.

**II. Kontinyuantlar** - sozımlı seslerdi bildiriwshi eliklewishlerdiń giperklassı. Bul toparğa tiykarınan sozımlı /i:/, /æ/, /u:/, /ɔ:/, /ɑ:/, /ə:/ sesleri kiredi. Sozımlı ton (sesler uyğınlığı, ırğaq) yamasa ton-shawqım bolıwı múmkin. S.V.Voronin uyqas túrde sesler uyğınlığı boyınsh kontinyuantlardı eki túrge - sap shawqım kontinyuantlar hám ton-shawqım kontinyuantlardı ajratıp kórsetedi.

Ton (sesler uyğınlığı*)* kontinyuatlar klasına tiyisli sózler ózek elementi sozımlı (basım astında) seslerden quraladı. Dawıslı sestiń akustikalıq qásiyetleri jetkeriletuğın

sestiń qásiyetlerin parıqlawda sheshiwshi rol oynaydı: pás sesler artqı únliler menen, al kúshli sesler aldıńgı unliler menen xarakterlenedi.

Solay etip, inglis tiliniń oraylıq elementin mısaldan kórip shıqsaq, ***beep*** /bi:p/ "biypıldaw" (ásbaplar haqqında), joqarı chastotalı dawıslı /i:/ bolıp, ol joqarı dawıslı sesti kórsetedi.

Jáne de inglis tilindegi **ton** (sesler uyǵınlıǵı) kontinyuantı sozımlı dawıssızlar (dawıssız + (tariyxıy ) sozımlı) bolıp "ramkalanǵan" sozımlı únli bolıp tabıladı: *hoot, screech*.

Inglis tilindegi **shawqım** kontinyuantları tómendegishe kóriniske iye: Olar uzın shawqımlı sesti ańlatadı (soqqısız): ısqırıq, qırıldaw, tısırlaw, dızıldaw h.t.b.

Shawqımlı kontinyuantlardıń eń zárúrli elementi waǵırlı sesler bolıp, strukturalıq akustikalıq qásiyetlerine kóre nominaciyalanǵan sesler bolıp tabıladı. Inglis tilinde bular s/, /z/, /ʒ/, /ʃ/, /θ/, /ð/, /f/, /v/ hám de /h/, bazıda /w/ (mısalı, ısqırıq /hıs/ "ısıldi"). Dál instantlarda bolǵanı sıyaqlı, sap shawqım kontinyuantlarda únli ses járdemshi rol oynaydı.

Bir waqıttıń ózinde sesli kórınıstı súwretlew ushın eki elementten - **shawqım hám tonnan** paydalanıladı hám tilimizde **tonoshum kontinyuantlar**dıń kishi klasın payda etedi. Tonoshum kontinyuantı sozımlı dawıslı hám keminde bir frikativ dawıssızdan ibarat boladı (mısalı, whoosh /wu:ʃ/ (ısqırıq penen shıǵatuǵın).

**III. Sap frekventativler** – bul topar shawqımlı seslerdi ańlatıp, bir neshe soqqılardıń júz beriwinde ámelge asırılıp, bunda hár bir soqqı óz aldına bildirilmeydi, al izbe-izlikte bolǵan soqqılar bolıp tabıladı. Bul giperklassqa tiyisli sózler, *chirr, burl, creak* (qaltıraw, shıqırlaw, jarılıw) sıyaqlı sózlerdi bildiredi.

Zamanagóy inglis tilinde (Britaniya variantında) tolıq bahalı dep esaplanǵan sap frekventativler derlik joq. Qanday da bir sebepler menen 4 dana sóz bul topardı qurap tur (*arr, birr, jarr, burr*). Bunday tolıq qunlı sap frekventativlerdiń joqlıǵı járdemshi sóz frekventativler menen hám frekventativ-instant-kontinyuantlardıń kóp sanı menen bayıtılǵan.

**IV. Instant-kontinyuantlar** – eliklwishtiń aralas tórtinshi giperklassı bolıp, keyingi yamasa aldıngı soqqısız (ton yamasa shawqım menen ) soqqini bildiriwshi sózler *flap, thump,clash*. Bular óz gezginde tórt túrge bólinedi:

IK-1 soqqıdan keyingi tonlı instantalar-kontinuant

eliklewishleri bolıp, soqqıdan keyin sesler uyǵınlıǵın (ton) ańlatadı. IK-1 de soqqı bolıwı, sesler uyqaslıqı bolsa sonorant retinde berilgen (inglis tilinde bul /m/, /n/, /ŋ/). IK-1 dúzilisi s - háreketsheń hám sozılıńqı, sonıń menen birge sóz aqırı tolıq jabıq halda bolıwı menen quramalılasıwı múmkin. Instantlarda bolǵanı sıyaqlı, IK-1 de dawıslı sesler ekinshi dárejeli rol oynaydı.

IK-2 sap shawqımnan keyingi soqqılı instant-kontinuant bul eliklewish soqqıdan keyingı shawqımdı ańlatadı. IK-2 nıń tásiri jabıq formada, shawqımlar sańlaqlar arqalı (frikativ formada) uzatıladı.

IK-3 soqqıdan aldıńgı sap shawqım+tonshawqımlı instant-kontinyuantlar bul eliklewishler shawqımnan keyin soqqı arqalı jaratılıwın ańlatadı.

IK-4 (sap shawqımlı ton "soqqıdan aldıńǵı -soqqıdan keyingi" + " soqqıdan aldıńǵı -soqqıdan keyingi sesler úylesimi(ton) -shawqım" instant-kontinyuantlar) bul eliklewishler hár túrli tonlar hám shawqımlar kombinaciyaların ańlatadı (sonorantlar retinde ańlatıladı).

**V. Aralas tipli frekventlar (FIK)** Bul izertlewde aralas tipdaǵı frekventlerden paydalanıp, biz frekvent-kvazi-instantlardı (FI), frekvent-kvazi-kontinyuantlar (FK) (ton, shum, tono-shawqım) hám frekventler, kvazi-instantlar, kontinyuantlar (FIK) deymiz. Onomatoplardıń bul keń toparı tilde aralas seslerdi bildiriwge xızmet etip, birden-bir komponentti dissonant dawıslardi bildiredi *flirt, thrum, tramp* (Flaksman M.: 4).

Sonı atap ótiw kerek, onomatopoeialıq sózler túrli tillerde bir-birinen parıq etiwi múmkin hám túrli mádeniyatlar seslerdi basqasha aytıwları hám ańlatıwları múmkin. Bunnan tısqarı, birqatar eliklewishler regionlıq dialektlerǵe qaray bir neshe forma yamasa ózgerislerge ushırawı múmkin.

Qaraqalpaq tilindegi eliklewish sózlerdin sostavındaǵı dawıslı sesler hár qıylı orınlarda gezlesedi. Ayırım dawıslılar (a, e) eliklewish sózdiń hámme ornında aktiv qollanılsa, al ayırım dawıslılar (o, i, u) sózdiń basında hám ortasında kóbirek qollanılǵan menen sózdin aqırında hesh gezlespeydi.

Eliklewish sózlerde tiykarınan tilimizdegi dawıslılardıń (a, e, i, u, u, e, o, e, ı) hámmesi derlik qollanıladı. Al solardan **a, e, o,u, ı** dawıslıları eń aktiv qollanıladı da, al **á, ó, i** dawıslıları basqa dawıslılarday júde kóp qollanıla bermeydi (Embergenov U.: 25).

Eliklewish sózlerdiń sostavındaǵı dawıslı sesler juwan hám jińishke bolıp bólinedi. Juwan dawıslı ses penen aytılatuǵın eliklewish sóz jińishke dawıslı menen aytılatuǵın sózge qaraǵanda anaǵurlım ashıq túrde aytıladı.

Juwan dawıslılar menen aytılatuǵın sózler jińishke dawıslılar menen aytılatuǵın sózge aytılıw intonaciyası, mánisi jaǵınan uqsas emes. Mısalı: *jalp-jalp* sózi *jelp-jelp* sózine qaraǵanda ashıq hám kúshli pát penen aytıladı.

**a) Juwan dawıslılar:** Tilimizdegi **a, o, ı, u** juwan dawıslıları eliklewish sózlerdiń hámme orinlarında aktiv qollanıladı. Sózdiń sostavında juwan dawıslılardıń birewi kelse, soǵan ılayıq ses penen kóriniste ashıq bolıp ańlatıladı. Mısalı: ***Ǵarsh-ǵarsh*** shanshılǵan nayzadan adamlar ókirip qulap atır (N Dáwqaraev). *Geyde bult astınan tuwlap shıqqan aydıń jamalı sabaǵınan úzilgen sarı jambılshaday* ***jarq-jarq*** *etedi* (K. Sultanov).

Juwan dawıslılardıń qaysısı bolsa da bir buwınlı hám eki buwınlı sózlerde gezlesedi. Mısalı: 1. *Digirman Aleksandrdıń qolında* ***zır-zır*** *aynaldı* (T. Qayıpbergenov). 2. *Ol qattı tońǵanlıqtan* ***zir-zir*** *etedi* (sonda).

Bul mısallardıń birinshisindegi **zır-zır**, ekinshisindegi **zir-zir**ge qaraǵanda aytılıwı, ses yaki kórinisti ańlatıwı jaǵınan ózgeshelikke iye.

**b)Jińishke dawıslılar:** Jińishke dawıslı sesler eliklewish sózlerdiń sostavında kelip ses yamasa kóriniistiń ashıq túrde bolǵanın ańlatpay, kerisinshe, kóriniisti páseytip, sesti áste, qısqa shıqqanlıǵın bildiredi. Jińishke dawıslı seslerdiń hámmesi de eliklewish sózlerdiń sostavında aktiv qollanılmastan, olardan ú, e, i dawıslı sesleri sózdiń barlıq buwınında kóp qollanıladı da, á, ó sesleri eliklewish sózlerde az gezlesedi. Jińishke dawıslılardıń eliklewish sózlerde qollanılıw tártibi olardıń qanday xızmet atqaratuǵının hár seske analiz beriw arqalı bilemiz.

Jińishke dawıslı ú sesi juwan dawıslı u sesiniń jubayı, ú sesi menen aytılǵan eliklewish sózler ses yamasa kóriniistiń qısqa  bolǵanın bildiredi hám bul ses jup sózdiń birinshi komponentinde turadı, al ekinshi komponentinde ú sesiniń aldınan qanday da bir dawıssız ses keledi. Mısalı. *Shıbınlar onıń bet-awzında **úyme-júyme** bolıp, ushıp-qonıp júr* (K. Sultanov). Ú sesi hámme waqıt sózdiń birinshi buwınında turadı. Mısalı: *gúbir-gúbir, gútir-gútir, dúsir-dúsir* hám t. b.

Qaraqalpaq tilnidegi dawıssız seslerdiń kóbisi eliklewish sózlerdiń sostavında gezlesedi. Ásirese b, t, sh, p, m, q, s, k, d, z j, r, g usaǵan dawıssızlar sózdiń barlıq orıılarında aktiv qollanılsa,  al y, ń, h, f,u dawıssızları joqarıdaǵı dawıssızlrǵa qaraǵanda eliklewish sózlerde siyrek ushırasadı.

Tilimizdegi dawıssız sesler jasalıw usılı menen dawıstıń qatiasına qaray **shawqımlı** hám **únli** (sonar) dawıssızlar bolıp bólinse, eliklewish sózlerdiń sostavındagı dawıssız seslerdi de usı tiykarda eki toparǵa bólip qaraymız. Solay stip, eliklewish sózlerdegi dawıssızlar a) shawqımlı hám b) únli (sonar) dawıssızlar bolıp ekige belinedi.

a) Shawqımlı dawıssızlar

Eliklewish sózlerdegi eń aktiv qollanılatuǵın shawqımlı dawıssızlarǵa **p, b, t, d, k, g, q, s, sh, j, g, ǵ** sesleri kiredi. Shawqımlı seslerdiń qatarına kiretuǵın **j, z, s, ǵ, sh** sesleri eliklewish sózlerde hár qıylı bolıp qollanıladı. Máselen, ayırım eliklewish sózlerdiń aqırı j, z, s, ǵ, sh dawıssızlarına pitkende ol sózler basqa sózlerdey julıp alǵanday bolıp aytılmastan, sozılıńqı turde aytıladı. Al geypara eliklewish sózlerdiń aqırı **k, p, t, q** seslerine pitkende bul sózler qısqa, julıp alganday bolıp aytıladı (Xudaykuliev M.: 44). Ses yamasa kórinis tez julıp alǵanday boladı. Mısalı: shart etti, ǵúrp etti, panq etti hám t. b.

Sondayaq shawqımlı **s, sh** seslerine pitken ayırım eliklewish sózlerdiń aqırı sozılıp aytılmay, ses yaki kórinis qısqa bolsa (bılsh etti, tırs etti), al geypara eliklewish sózlerdiń sońında, **sh, s** sesleri kelgende ol sózlerdiń aqırı sozılıp aytıladı. Mısalı: *Jılan maǵan qarap* ***ıss*** *dep turǵan eken* („Jetkinshsk")

b) Sonar dawıssızlar

Eliklewish sózlerdiń sostavında tilimizdegi barlıq sonar dawıssızlar aktiv qollanıladı. Sonar dawıssızlarǵa l,m,n,ń,r,y,w, t.b. Olar sózdiń hár qıylı orınlarında ushırasadı. Mısalı: *lıq-lıq, mırr-mırr, ız-ız, ǵır-ǵır,gúrr-gúrr*.

Sonday-aq geypara jup eliklewish sózlerdiń ekinshi komponentiniń aldında qanday da bir dawıssız ses qosılıp aytıladı.

W sesiniń aldınan J sesiniń keliwi:

*Hámme qızlar úrkken qozılarday óńir monshaqları* ***uwdır- juwdır*** *bolıp tikeydi* (T.Qayıpbergenov).

A sesiniń aldınan Ǵ sesiniń keliwi:

*Kóldiń ishi hár qiyli quslardıń dawısınan* ***azan-ǵazan*** (K.Sultanov).

Á sesiniń aldınan T sesiniń keliwi:

*Esiktiń aldındaǵı terektiń shaqaları kóp jıllardan beri putalmaǵan soń* ***árre-tárre***. (“Jas Leninshi”).

Jumısımızda inglis hám qarqalpaq tillerindegi eliklewishlerdiń seslik quramın tallawda, uqsaslıq hám parıqlardı itibarǵa alǵan halda, bul úyreniwdıń bir neshe aspektlerin keltirip ótsek:

Seslik quram boyınsha inglis tilinde eliklewishler instant, kontinyuant hám frekventler bolıp bólinse qarqalpaq tilinde seslik quramı boyınsha eliklewishlerinde seslerdiń jaylasıwı boyınsha juwan hám jińishke dawıslılar hám de shawqımlı hám sonar dawıssızlar dep ayırıqsha toparlarǵa ajıratılǵan.

Bul eki til de eliklewishlerdi jaratıwda uqsas seslerdi qollanadı, bul bolsa semantikalıq hám strukturalıq birliklerdi támiyinleydi. Uqsas dúzilis hám elementler, eliklewishler ishindegi dinamikalardıń ulıwmalıǵın kórsetedi.

Ayırımashlıqlarin atap ótetin bolsaq, seslik quramında hám eliklewishlerdiń mánisinde ayırmashılıqlar bar bolıp, bul tillerdiń mádeniy hám lingvistikalıq ózgesheliklerine baylanıslı. Inglis tilinde eliklewishler kóbinese kontekstke baylanıslı túrde ózgeriwi múmkin, qaraqalpaq tilinde bolsa dástúriy hám qatań strukturalarǵa iye.

Juwmaqlap aytqanda, bul izertlew, tiller arasındaǵı uqsaslıq hám ayırmashılıqlardı ashıp beriw arqalı eliklewishlerdiń til biliminde áhimiyetin kórsetedi, ses, mánis hám mádeniy ózgeshelik arasındaǵı óz-ara baylanıslardıń bahasın bayıtadı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**


1. Воронин, С. В. Основы фоносемантики / С. В. Воронин. – М.: Ленанд, 2006. – 46-48 с.
2. Ембергенов У. Ҳәзирги қарақалпақ тилиндеги еликлеуиш сөзлер. Нөкис.Қарақалпақстан. 1990. – 24-30 б.
3. Sayımbetov O. Ha`zirgi qaraqalpaq tili. Fonetika. Lekciyalar toplamı. No`kis. 2011.
4. Худайкулиев М. Подражательные слова в туркменском языке . Ашхабад. 1962. с.44.
5. Flaxsman M. Onomatopoeia and Regular Sound Changes. Journal of Siberian Federal University. Humanities & Social Sciences 2018. p.4.
6. Qudaybergenov M. S., Bayımbetova M. B. Inglis hám qaraqalpaq tillerindegi ikonliq (tulǵaliq) yaki kóriniske eliklewish konceptleri. Вестник КГУ им. Бердаха. № 1(64) 2024. ISSN 2010-9075.305b.